# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–15 मई 2025 भोजपुरी समाचार

रक्षामंत्री राजनाथ सिंह कहले हवे कि ऑपरेशन सिंदूर पिछला दसन साल से पाकिस्तान अउर ओकरे कब्जा वाले जम्मू कश्मीर से फइलावल जा रहल आतंक के खेलाफ भारत क करेड़ कारवाइ हौ। पनरह कोर बादामीबाग छावनी में आजु सैनिकन के संबोधित करत उहां के ई बात कहलीं।

**ऑपरेशन सिंदूर आतंकवाद के खिलाफ भारत द्वारा चलाई गई अब तक के इतिहास की सबसे बड़ी कार्रवाई है। पैंतिस–चालीस वर्षों से भारत सरहद पार से चलाई जा रही आतंकवाद का सामना कर रहा है। आज भारत ने पूरी दुनिया को ये साफ कर दिया है कि आतंकवाद के खिलाफ हम किसी भी हद तक जा सकते हैं।**

रक्षा मंत्री ऑपरेशन सिंदूर बदे भारतीय सेना के साहस, सौर्य अउर सफल कार्रवाई क सराहना कइलीं। उहां के कहलीं की देस के उनकरे साहस, संकल्प अउर समर्पण पर गर्व हौ। रक्षा मंत्री कहलें कि पाकिस्तान के परमाणु हथियार के, अंतर्राष्ट्रीय परमाणु ऊर्जा एजेंसी के अपने देख–रेख में लेवे के चाही।

**पूरी दुनिया ने देखा है कि कैसे गैर–जिम्मेदाराना तरीके से पाकिस्तान द्वारा भारत को अनेक बार एटमी धमकियां दी गई हैं। श्रीनगर की धरती से, मैं पूरी दुनिया के सामने यह सवाल उठाना चाहता हूं कि क्या ऐसे गैर–जिम्मेदार और रोगनेशन के हाथों में परमाणु हथियार सुरक्षित हैं। मैं मानता हूं कि पाकिस्तान के एटमी हथियारों को इंटरनेशनल एटामिक एनर्जी एजेंसी की निगरानी में लिया जाना चाहिए।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ क अध्यक्षता में आजु परदेस कैबिनेट क बैठक में ऑपरेशन सिंदूर के सफलता बदे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के प्रति आभार जतावल गइल। एह दौरान भारतीय सेना बदे अभिनंदन प्रस्तावो पारित कइल गइल। बैठक के दौरान प्रदेस भर में पांच सीड पार्क के स्थापना के मंजूरी दिहल गइल। वित्त आ संसदीय कार्य मंत्री सुरेश खन्ना बतउलें कि पूर्व प्रधानमंत्री चौधरी चरण सिंह के नाव पे लखनऊ में सीड पार्क बनावल जाइ। एकरे आलावा ग्रामीण इलाकन में मांगलिक आयोजन में सुविधा बदे सौ करोड़ रूपिया के लागत से पंचायत उत्सव भवन बनवले के योजना के मंजूरी दिहल गइल। पहिला फेरा में एकहत्तर ग्रामीण विधानसभा क्षेत्र में ई बनावल जाइ। नागरिक उड्डयन निदेशालय में संविदा पे कार्यरत तकनीकी आ गैर–तकनीकी कार्मियन के पारिश्रमिक के बढ़वले समेत कई दुसरे विभागन के जरूरी प्रस्ताव कैबिनेट पारित कइलसि।

**********

ऑपरेसन सिंदूर क सफलता पे कई जिला में आजु दुसरको दिन सौर्य तिरंगा जतरा निकारल गइल। बनारस में भारतीय जनता पारटी आ अउरियो संस्था चांदपुर से कैंट ले तिरंगा जतरा निकरलसि। अजोध्या जिला में गांधी पार्क से सिविल लाईन होत चौक ले तिरंगा जतरा पहुंचलि। एह जतरा में बीजेपी के पदाधिकारियन समेत हजारो लोग सामिल भइले। देस के सैनिकन के मनोबल बढ़ावे बदे ई जतरा निकारल जा रहल हौ।

**********

राजधानी लखनऊ के मोहनलालगंज थान्हा एरिया के किसान पथ पर आजु भिन्नही एगो प्राइवेट स्लीपर बस में आग लगले से दुइ लइकन समेत पांच लोगिन क मउति हो गइल। ई बस बिहार के बेगूसराय से दिल्ली जात रहे। लखनऊ दक्षिणी क पुलिस उपायुक्त निपुण अग्रवाल बतउलें कि बस में सत्तर यात्री सवार रहलें। बाकी यात्रियन के उनकरे गंतव्य ले पहुंचवले क इतेजाम कइल गइल।

**********

प्रदेस में बीतल चौबीस घंटा में तीनि अलगि–अलगि सड़क हादसा में तेरह लोगिन के मउति हो गइल। जबकि कई अउरियों लोगि घाही हो गइलें। बलरामपुर जिला में बीतल रात करीब एक बजे बलरामपुर, बहराईच राहि पर एगो कार अउर ट्रक क टक्कर में कार सवार पांच लोगिन क मउति हो गइल जबकि आधा दर्जन से बेसि लोगि घाही हो गइलें। ओंही हरदोई जिला के कासिमपुर थान्हा क्षेत्र में आजु भिन्ही संडीला बांगरमऊ राही पर हरदलमऊ गांव के नगिच्चे एगो ट्रक के आटो में टक्कर मरले से आटो सवार समेत छह लोगिन क मउति हो गइल । जबकि तीनि जने घाही हो गइले। एगो अउरियो हादसा में सोनभद्र जिला के राबर्टसगंज कोतवाली क्षेत्र में आजु दिन में कलेक्ट्रेट के लग्गे ट्रक क चपेट में अइले से बाईक सवार दंपत्ति क मउति हो गइल।

**********

पूर्वी उत्तर प्रदेस समेत प्रदेस के कई जिला में तेज धूप के साथे हीट वेब क परकोप जारी हौ। मौसम विज्ञान विभाग के मोताबिक आजु पूर्वी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर, वाराणसी, गाजीपुर अउर बलिया जिला समेत कुछ पश्चिमी जिला में अधिकतम तापमान चालीस डिग्री से बेसी रहल। सबसे बेसी तापमान प्रयागराज जिला में चउवालीस दसमलव दुइ डिग्री सेल्सियस नापल गइल। मौसम विभाग के मोताबिक आवे वाले दुइ दिन्न ले परदेस के पूर्बी अउर पश्चिमी दुन्नू इलाकन में लू चलले क संभावना हौ।

**********